ПэхуэщIэхэм хиубыдэу

2-нэ нап.

«Махуэку»

3-нэ нап.

Гамзатовым и щIыхькIэ

3-нэ нап.

СтIащ Юрэ и фащэщIэ

4-нэ нап.

ФИФI ФЫМЫГъЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГъЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№43 (24.481) ● 2023 гъэм мэлыжьыхьым (апрелым) и 13, махуэку ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ

Беллэ гунэс щыхъунут

4-нэ нап.

2023 гъэм мэлыжьыхьым и 21-р щымылажьэ махуэу гъэувыным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

«Я фIэщхъуныгъэр зыхуэдэнур езыхэм яубзыхужьыныжьмкIэ яIэ хуитныгъэмрэ дин зэгуфхэныгъэхэмрэ я Iуэхукlэ» 1997 гъэм фокIадэм и 26-м къащта Федеральнэ закон №125-ФЗ-м и 4-нэ статьям и 7-нэ пунктым тету, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Мусluыныгъэхэмрэ я дин Iуэхущlапlэм зэрызыкъутхуигъэзам ипкъ иткIэ Нэщlикlыж хьид махуэшхуэм теухуауэ **унафэ сошI**:

2023 гъэм мэлыжьыхьым и 21-р Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щымылажьэ гуфIэгъуэ махуэу щыгъэувын.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек

Налшык къалэ
2023 гъэм мэлыжьыхьым и 11-м
№39-УГ

● Щэ

Кремлым и уардэунэм

Мы махуэхэм ди къэралым щаублащ «ЩIэныгъэ» уэзщIынигъэ дамыгъэ зыIэрызыгъэхьэну хущIэкъуэхэм я тхыпхэр Iахьи. Саугъэтыр ет «ЩIэныгъэ» Урысей зэгуфхэныгъэм. Зэпеуэм хэтыну гукъыдэж зиIэхэм я тхыпхэр https://premiya.znanierussia.ru/ сайтым ягъэхь хъунущ 2023 гъэм и мэкъуауэгъуэм и 5 пщIондэ.

«Дэ дыхэйщ 2023 гъэм и саугъэтыр къэралым ис цIыху зэчиифIэхэу Урысей Федерацэм зыгъэзащIыныгъэ лэжьыгъэ щезыгъэкIуэкIэм я макъыр жьжьэу зыгъэIуфын Iэмал яхуэхъуну. Абы къыхэкIыу зэпеуэм хэтыну къыхуэдожь лекторхэр, уэзщIакIуэхэр, зэлэжь проектхэмрэ зэфIагъэкI Iуэхугъуэхэмрэ хэIущIыIу хъун папщIэ», - жиIащ «ЩIэныгъэ» Урысей зигухьэныгъэм и унафэщI нэхъыщхьэ Древаль Максим. Iуэхум хэт хъунущ цIыхубэм я щIэныгъэ, егъэджэныгъэ, зэшкафбзэ кIуленигъэр езыгъэфIакIуэ, езыхэм ябгъэдэлъ зэфIэкIхэмкIэ, Iуэху зехьэкIэхэмкIэ адрейхэм ядзэгашэ, я зэхэщIыкIым зезыгъэужь цIыху щхьэхуэхэр, компаниехэр, а Iуэхум хуэщIа проектхэр.

2023 гъэм саугъэтым хущIэкъуэнухэр зэпеуэнущ унэтIныныгъэ 17-кIэ. Апхуэдэхэщ «Илъэсым и унэтIакIуэ», «Къэрал зэхуаку зэхущытыкIэ», «Щэнхабзэмрэ гъуэзджэмрэ», «Экономикэ. Хьэрычэт Iуэху. Хуитныгъэ», «Тхыдэ», «ЩIэныгъэмрэ технологиехэмрэ», нэгъуэщIхэри.

Зэпеуэм пашэ щыхъуэхэм я пщIэр жылагъуэм щыIэта хъунущ. Абыхэм Iэмал яIэнущ я Iуэху зехьэкIэхэмкIэ, гупсысэ пэрытхэмкIэ уэзщIакIуэхэм я дунейм хэIущIыIу зыщащIыну. Апхуэдэу къагъэуэтыфынущ я проектыфIхэр ядэзыгъэззэщIэну хьэзыр Iэщ Iагъэзлlэр, экспертхэми щхьэжуэу ядэлэжьэфынущ. Абы щытекIуэхэр Москва и Къэрал Кремль Уардэунэм щагъэлъэпIэнущ. Дамыгъэхэмрэ саугъэтхэмрэ абыхэм езытынур къэралым и къулыкъущIэ нэхъ лъагэ дыдэхэращ.

Шэрэджэсхэм я узыншагъэр къапщытэ

Мы махуэхэм КъБР-м узыншагъэр хъумэныжьмкIэ и министр Къалэбатэ Рустам медицинэм и унэтIныныгъэ зэхуэмыдэхэмкIэ Iэщ Iагъэлl зыбжанэ я гъусэу Шэрэдж район сымаджэщым и поликлиникэм щыIащ. Министрым и гъусэу абы щылэжьащ КъБР-м Узыншагъэр хъумэныжьмкIэ и министерствэм штатым хэмыт и эндокринолог Iэщ Iагъэлl нэхъыщхьэ Щы-хьэлы Ириней, Гу узыфхэжьмкIэ сымаджэщым и кардиолог Iэджыр Мурат, Лыш узыфхэхэм щIеIэзэ диспансерым и онколог-маммолог Гындыгъу Маринэ, Республикэ клиникэ сымаджэщым и ортопед-травматолог Мэкъуауэ Алим сымэ.

ДОХУТЫРХЭР хуэзащ цIыху 89-м, зэпIьакъэм я узыншагъэр зыхуэдэм елъытауэ узым зэрыпэщIэтынум, Iэзэгъуэ яхуэхъунухэр жраIащ, къищынэмыщIауэ языныкъуэхэм операцэ зэрырагъэщIын хуейм, нэхъ кууу я щытыкIэр кърагъэпщытэным теухуа чэнджэщхэр иратащ.

Къалэбатэ Рустам къызэрыхигъэщамкIэ, район поликлиникэхэм щрагъэкIуэкI мыпхуэдэ зэIущIэхэм мыхьэнэшхуэ яIэщ цIыхухэм ягъуэт медицинэ дэIепыкъуныгъэхэм я фIагъэр зыхуэдэр, Iэнатlэм лэжьыгъэр зэрыщекIуэкIыр езыми къищынэмыкIэ.

«Узыншагъэр хъумэн» лъэпкъ проектым хыхьэу мы поликлиникэм зэгъэпэщIыжыныгъэ лэжьыгъэхэр нэгъаба щрагъэкIуэкIауэ щытащ. Щэрэдж район администрацэм и Iэтащхьэ Кульбаев Алан щIыгъуу министрым зригъэлъэгъуауэ Iуэхущlапlэм игъуэта зыужьыныгъэхэр, медицинэм къигъэув иджырей жыпхъэщIэхэм тету лэжьыгъэр зэрызэтеублами зыщигъэгъуэзащ. Абы ипкъ иткIэ, цIыхухэм я тыншыпIэм хуэщIауэ поликлиникэм и пэшхэр, терапие, диагностикэ къудамэхэр, лабораторэр зэхагъэщхьэхуакIащ. Диагностикэ Iэмэпсымыщ Iэхэр щагъэуващ.

Министрым къыхигъэщащ медицинэ Iуэхущlапlэм бжьгъэр зи лъабжьэ технологиехэр къызэрыщагъэсэбэным, цIыхухэр зыхуей Iэщ Iагъэлlэхэм я деж электрон Iэмалыр къагъэсэбэну зэрызыщрагъэтхым арэзы къызэрищIар. Апхуэдэуи къыхигъэщащ гупльитэ зыхуэщIыпхъэ Iуэхугъуэ зыбжанэ икIи ахэр зэман гъунэгъум кьриубыдэу зэфIагъэкIыну пщэрылъ ящищIащ.

Мыбы ипэкIэ Къалэбатэр цIыхухэм щахуэзащ Шэджэм, Лэскэн район сымаджэщхэм я поликлиникэхэм. Накъыгъэ мазэм Тэрч район сымаджэщым и поликлиникэм кIуэну трауху ащ.

ЩХЬэЩэмыщI Изэ.

УнэтIакIуэхэр утыку къохьэ

● Жылагъуэ

Хабзэ хъууэ, ди къэралым щокIуэкI курыт школхэм щеджэ сабийхэм я классэ унафэщIхэмрэ ныбжьыщIэхэм я унэтIакIуэхэмрэ я зэхуэс инхэр. 2023 гъэм екIуэкIыну апхуэдэ зэIущIэм хэтынухэр мы зэманым ягъэбелджылы. Форумым къурихьэлIэхэр къыхатхыкIынущ мэлыжьыхьым и 20 пщIондэ.

КЛАСС унафэщIхэмрэ унэтIакIуэхэмрэ я Ещанэ Урысейпсо зэхуэсыр Iуэхугъуэ зэмылIэужьыгъуэ хьэлэмэт куэдкIэ гъэнщIауэ екIуэкIынущ. Абы хэтынущ егъэджэныгъэ куплIафIэхэр, щэнхабзэ Iуэхугъуэхэр, щылэжьынущ щIэблэм я ущиякIуэхэм я еплъыкIэхэр, Iуэху зехьэкIэ мардэхэр наIуэ къыщащI зэпсэльапIэ хуитхэр. А лэжьыгъэ хьэлэмэтхэм хэтыну Iэмал яIэщ класс унафэщIхэу пэщIдзэ, курыт школхэм щылажьэхэм, апхуэдэуи мы гъэм къыщыщIэдзауэ форумым хэтыфынущ курыт щIэныгъэрэ Iэщ Iагъэрэ ныбжьыщIэхэм щрагъэгъуэт лицейхэм, колледжхэм, техникумхэм щIэс студент гупхэм я унафэщIхэр, практикэ лэжьыгъэхэмкIэ абыхэм я унэтIакIуэхэр.

Урысейпсо зэхуэсым уэхтын папщIэ, дэфтэр хэхаэр гъэхьэзырын хуейщ. Я́пэщIыкIэ класс унафэщIым игъэхьэзырын хуейщ езымрэ и лэжьыгъэмрэ ятеуухуа хуэбыдэр зэрыт тхыпIэ. КъыкIэпIыкIуэр ар хэтынущ «Мыхьэнэшхуэ зиIэ псалъэмакъ» фIэщыгъэр зиIэ тест лажьыгъэм. Апхуэдэуи педагогикэмкIэ бгъэдэлъ щIэныгъэр къэзыгъэлъагъуэ къызэрапщытэ лэжьыгъэ игъэзащIэнущ, «Сэ гъэсэныгъэм хэслъхьэ жэрдэмыр» видео роликри игъэхьэзырынущ. Апхуэдэ щIыкIэкIэ зи Iуэху зехьэкIэ мардэхэр наIуэ зыщIхэм ящыщу нэхъыфIэр къыхахынурэ Урысейпсо зэхуэсым ираГъэблэгъэнущ.

Класс унафэщIхэмрэ ныбжьыщIэхэм я унэтIакIуэхэмрэ зыхэтыну Урысейпсо зэхуэс иныр Iыхьитlу зэщхьэщыхауэ Москва щекIуэкIынущ. Жэпуэгъуэм и 3 - 5-хэм зэIущIэнущ пэщIдзэ классхэм, зи узыншагъэм сэкъат иIэ сабий гупхэм, курыт щIэныгъэрэ Iэщ Iагъэрэ ныбжьыщIэхэм щрагъэгъуэт еджапIэхэм я кураторхэр. КъыкIэпIыкIуэу, жапуэгъуэм и 5 - 7-хэм, екIуэкIынущ 5 - 11-нэ классхэм щеджэхэм я унафэщIхэм я зэхуэсыр. ЕгъэджакIуэм и махуэм, жэпуэгъуэм и 5-м, Урысейпсо зэхуэс иным хэт псори ирагъэблэгъэнущ Къэрал Кремль Уардэунэм абыхэм папщIэ къыщызэрагъэпэщыну концертышхуэм.

Ди республикэм щыщ класс унафэщIхэри ныбжьыщIэхэм я унэтIакIуэхэри хэтынущ Москва щызэхашэну зэхуэсышхуэм. Абыхэм яхэтщ зэIущIэм и утыку къыщыпсэльэнухэри, абы къирихьэлIахэм зи Iуэху зехьэкIэ мардэхэмкIэ ядэгуэшэнуэхэри. Бахъсэн районым хыхьэ Зеикъуэ къуажэм дэт курыт школ №2-м и унафэщIым Iуэсэныгъэ лэжьыгъэмкIэ и къудзэ Шыбзыхъуэ Марьянэ къызэрильытэмкIэ, къэралгъо зэхуэсыр Iэмальфl дыдэщ щIэблэр Iуэсэным, ар ущииным епхауэ Iэщ Iагъэлl пашэхэм яIэ еплъыкIэхэмкIэ зэдгъэгушэныжьмкIэ.

Утыкуншэм, шэч хэмылъу, сэбэпынагъ зыпылъ лэжьыгъэфI щекIуэкIынущ.

КЪАРДЭН Маритэ.

● Хъыбар гуапэ

ЗыгъэпсэхупIэ нэхъ цIэрыIуэхэм халъытэ

Урысей Федерацэм щыпсэуэхэр нэгуэгъэужьакIуэ нэхъыбэу здэкIуэ хабзэ щIыпIэхэр къахутэн папщIэ, 2022 - 2023 щIымахуэ зыгъэпсэхуэгъэ лъэхъэнэм апхуэдэхэм хэплъащ. Ди гуапэ зэрыхъущи, Iуащхьэмахуэ лъапэ яхэхуащ зыщагъэпсэхуну нэхъ къыхах бгы-лыжэ курорт нэхъыфIитхум.

АПХУЭДЭ къэралпсо къэпщытэныгъэр щрагъэкIуэкIым УФ-м и щIымахуэ курорт-хэм я хьэщIэщхэм зыщызыгъэпсэхуну мурад зыщIэхэм ящыщу абыхэм зыщезыгъэтхэхэм я бжыгъэр къалъытащ. Къэпщытэныгъэхэм къызэрагъэлъэгъуамкIэ, «Іуащхьэмахуэ» курортыр ящыщщ зыгъэпсэхуакIуэхэм нэхъыбэгу зи цIэ краIуэ щIыпIэхэм.

Къэралым щыпсэуэхэм гупльытэ нэхъыбэ зыхуащIа бгыпэ щIыналъэхэр къыщыгъэлъэгъуа ТОП-5-м, «Іуащхьэмахуэ» курортым нэмыщI, апхуэдэу хьыкащ Краснодар крайм хиубыдэ Сочэ къалэм къедза зыгъэпсэхупIэхэу «Красная поляна», «Роза Хутор», «Газпром» щIыпIэхэр. Апхуэдэу нэхъыфIхэм хабжащ Къэрэшей-Шэрджэсым щыIэ «Архыз» зыгъэпсэхупIэр, Кемеровскэ областым къыщызэрагъэпэща «Шерегеш» цIыху кIуэнIэр, Башкортостаным и «Абазоковэ» зыгъэпсэхупIэр.

Сочэ и бгыпэ щIыпIэхэм щылажьэ курортхэм ящIыгъуу иджыри зыгъэпсэхупIэ уиуэныгъэ куэд, мэхъу. Ди Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэм щыпсэуа цIыхухэм я нэхъыбапIэр Москварэ Москва областымрэ кьихIахэрат - зыгъэпсэхуакIуэхэм я Іыхьэ щанэр абыхэм щыщт. КъищынэмыщIауэ, ди зыгъэпсэхупIэхэр нэхъыфIу къалъытащ Ставрополь, Краснодар крайхэм щыпсэуэхэм, апхуэдэуи Осетие Ищхьэрэ - Аланиеи, Дагъыстэн республикэхэм, Дон Іус Ростов къалэм щыщхэм.

Туристхэр ди курорт цIэрыIуэм щыIащ дэтхэнэми хуэзэу махуищ-плIыкIэ. ЗыгъэпсэхуакIуэ нэхъыбэ дыдэ къыщытхуэкIуар Илъэсыщ1эм епха дэсыгъуэ махуэхэрат: дыгъэгъаззм и 28-м къыщыщIадзауэ щыщыщIэм и 8 пщIондэ. «Іуащхьэмахуэ» курортым цIыху куэдым зыщагъэпсэхуащ мазае мазэм хэтауэ щыта дэсыгъуэ махуэ зыщыпIыми.

ТАМБИЙ Линэ.

ЩIыналъэр зэIузэпэщ ящI

ЩIыналъэхэм зегъэужьныныгъэ цIыхухэм я псэукIэр егъэфIакIуэныгъэ теухуауэ Бахъсэн щIыналъэм къыщрахьэлIэ лэжьыгъэхэр зэпыуркъым.

МЫ ЗЭМАНЫМ купщIафIэу ягъэлажьэ «Къалэм и теплъэр егъэфIакIуэн» лъэпкъ проектыр. 2023 гъэм къриубыдэу Бахъсэн къалэм зыхуей щыхуагъэзэнущ Лениныгъэ Гагаринымрэ я щIэхэр зезыхьэ уэрамхэм тет фэтэр куэду зэхэт унэу 8. Илъэс куэд хьуауэ зыкIэлъыныгъэ унэхэм сэкъатышхуэхэр ягъуэтат: унащхьэхэм уэшхыр гъкIэ зэрыхъуам и зэранкIэ блынкэр къуэпсапсэрт, ахэр зэрарихэр, унэ лъабжьыжьэр къэтIэсхьат. Апхуэдэ щытыкIэм итт унэм псыр зэрекIуэлIэ, къагъэсэбэпар къызэрыщIащым бжьамийхэр, ток кIапсэхэр, унэ щIыхьэпIэхэр.

Лъэпкъ пэхущIэм ипкъ иту къагъэщIэрэщIэжынущ фэтэр куэду зэхэт унэ зэтетхэм я пщIантIэхэри: жьы хъуа асфальтыр щIэкIэ зэрахъуэкIынущ, тетIысхьэпIэ екIуэр ягъэувынущ, ихъуреягъыр къагъэнэхунущ.

«Гъэгуфl шынагъуэнышэхэр» лъэпкъ пэхущIэм хиубыдэу зэрагъэпэщыжынущ Зеикъуэ къуажэм дэт щIыналъэ сымаджэщым екIуэлIэ Зеикъуэ - Туфкарьер - Дыгъэмыхьэу, Шэрэдж псым екIуэлIэ «Май - Заречнэ - Ново - Ивановскэ», «Балъкъэр Ипщэ - Мухол», «Прохладнэ-Іуащхьэмахуэ» гъуэгухэм телъ лъэмыжхэр: асфальтыщIэр ильэс куэдкIэ къэмыхьеин хуэдэу иджырей мардэхэм тету тралъхьэнущ, льэс зекIуапIэхэм я гъущI къэухьхэм ягъуэта ныкъуасныгъэхэр ягъэзэкIуэжынущ, гъэгу дамыгъэхэр къагъэщIэрэщIэжынущ.

Мы зэманым лэжьыгъэхэр и гуащIэгъуэу щокIуэкI Бахъсэнрэ Дыгулыбгъуейрэ я зэхуакум дэлъ, зи кIыхьаГъыр зы километрым нэблагъэ «Прохладнэ - Іуащхьэмахуэ» гъуэгум телъ льэмыжым. Къэбэрдей -Балъкъэрым и «Гъэгу хозяйствэмкIэ управленэ» ГКУ-м и нэIэм щIэту ар кърехьэлIэ «Ипщэ-Ухуэнигъэ» Іуэхущ1апIэм.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Ди къуэш республикэхэм

ТекIуэныгъэм и махуэм хуэщIауэ

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***КъШР-м и музей-заповедникымрэ «ЩIэблэм ящыгъупщэрхъым» фондымрэ «ТекIуэныгъэм и гуэргуэр» проектым хьхьэу къызэрагъэпэщ Хэкум и лыхъужьыгъэ тхыдэм теухуа зыплъыхьныныгъэ.***

АБЫ хэтхэм яхутепсэлъыхьынущ Совет Армэм и зауэлI-лыхъужьхэу Мейкъуапэ, Краснодар, Орджоникидзе, Новороссийск, Туапсе, Кавказым и нэгъуэщI къалэхэри зыхъумахэм. Адэкlэ Іуэхум щыпащэнущ музеим.

Кавказ щхьэдэхьпIэхэр зыхъумахэм я феплъ архитектурнэ уэхуэныгъэ къэплъытэ хъуну Кавказ Ищхьэрэм щыIэр а зы музейрщ.

Мемориал комплексыр пыщIащ 1941 - 1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэм и тхыдэм нэхъ мыхьэнэшхуэ щызыIа пэкIуэцIхэм - 1942 гъэм и щыщхьэуIум Къэрэшейм и щхьэдэхьпIэхэм зауэ гуащIэхэр щекIуэкIат.

Мейкъуапэ къыщыгъэIуахынущ

АДЫГЕЙ. ***Республикэм и щыхьэр Мейкъуапэ и Восход район мыиным мыгувэу къыщыгъэIуахынущ поликлиникэщIэ. Дыдэхуэкlуэ блыщхьэм, мэлыжьыхьым и17-м, абы лэжьэн щIидзэнущ.***

МЕДИЦИНЭ Іуэхущlапlэщlэр яухуащ узынишагъэр хъумэныр егъэфIэкIуэным пыщIа щIыналъэ программэм ипкъ иткIэ икIи зэманым къигъэув мардэхэм тету зэпэщIу.

Зы махуэм къриубыдэу абы щакIэлъыплъынущ цIыху 450-м, дохутырым деж щыщIыхьэнум цIыхухэр зэрыпэпхIыщ зэманыр иигъэмэщIэнущ, хуащIэ Іуэхутхьэбзэхэри куэдкIэ иригъэфIэкIынущ. Поликлиникэм щрагъэкIуэкIынущ диагностикэ, рентген, нэгъуэщI къэхутэныгъэхэри.



Зыгъэпсэхуагъуэм хуэхьэзырщ

АБХЪАЗ. ***Республикэр щогугъ дызыхуэкIуэ гъэмахуэ зыгъэпсэхуагъуэ лъэхъэнэми хъерыфIэу къахущIэкIыну, турист мелуан 1,5-рэ ящащыхуэкIуа 2021 гъэм нэхърэ нэхъыкIэ мыхъуну. Гагрэ районым туризмэмкIэ и управлензм и унафэщI Бгъанбэ Ахрэ зэрыжиIамкIэ, нобэкIэ я щIыналъэм и хьэщIэщхэм я процент 90-м къэкIуэнухэм зрагъэтхаIэщ.***

ГАГРЭ районым зэуэ кьригъэблэгъэфынущ зыплъыхьакIуэ мин 20,5-м щIигъу. РЖД компаниемрэ Абхъаз гъущI гъуэгуэкэрэ я мурадщ «Пасточка» зыфIаща, Сочэрэ Гагрэрэ я зэхуакум щызекIуэну мафIэгу ауТIыпщIыну. ЯгуГэщ гъэмахуэм зыгъэпсэхуакIуэхэр нэхъ тыншу курортхэм нэсыныжьмкIэ ар сэбэп хъуну.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

ПщIэ зыхуэтщI ди щIэджыкIакIуэхэ!

2023 гъэм и етIуанэ и ильэс ныкъуэм щIэджыкIакIуэхэм яIэрыхьэну газетхэмрэ журналхэмрэ Iэ щIыщIадз зэманым щIидзащ. «Адыгэ псалъэ» газетыр зыIэрыхьэну хуейхэм хьыбар фыдогъащIэ - ар къевгъэхьын папщIэ Iэ щIыщIэвдз хъунущ Урысей пощтым и дэтхэнэ Іуэхущlапlэми.

Мазэ 6-м «Адыгэ псалъэ» газетым и уасэщ: унэм ныфхуахьыну фыхуейм э - сом 819-рэ кIэнIейкIэ 90-рэ;

фэ езым пощтым къыщыфщтэжьнумэ - сом 745-рэ кIэнIейкIи 2-рэ.

Ди индексыр П5894

● 2023 гъэр ЕгъэджакIуэмрэ унэтIакIуэмрэ я илъэсщ

Сабиипсэр зыхэзыщIэ

ЩIэблэм ядэлэжьэным епха IэщIагъэхэр къыхэзых дэтхэнэми и гумрэ и псэмрэ а лэжьыгъэм етауэ щытын хуейщ. ЕгъэджакIуэмкIэ, гъэсакIуэм сабийхэм щIэныгъэ ябгъэдилъхьэн ипэ къихуэу, ахэр и хьэлымкIэ, и теплъэмкIэ, и лэжьыгъэмкIэ къыдихьэхьифын хуейщ. Сабийм и нэм щIэплъэмэ, абы и гум илъыр, и псэм щыщIэр илъагъуфиз, къыгурыIуэмэ, абы и лэжьыгъэр тэмэму ежьэрэпэщэ хъунущ, мурадри кьехъулIэнущ. Апхуэдэ цIыхуу къэплъытэ хъунущ илъэс 35-рэ хьуауэ зи IэнатIэм хуэпэ-жу адыгэбзэмрэ литературэмкIэ егъэджакIуэу Лэскэн щIыналъэм хыхь Аргудан къуажэм дэт щIэныгэ курыт еджапIэм щылажьэ Арахъэ Валентинэ Хьэжмурат и пхъур.

ТХЫДЭ къулей зиIэ къуажэм къыщалъхуа хьыджэбзым пасэу гу хуицIат егъэджакIуэ Iэщ Iагъэм. Езым зэрыжиIэжьмкIэ, а Iэщ Iагъэр къыхихыныжмкIэ абы дэIэпыкъуэгъуу, чэнджэщэгъуфIу иIар и анэ Лидэрэ и егъэджакIуэ Гуэбэщ Iыкъ Тхьэкъуахъуэ Хужьпагуэрэщ.

- Си анэм анэдэлъхубзэр фIыуэ сигъалъэгъуащ. Абы кьыскилхьъа лъагъуныгъэм пищащи си егъэджакIуэм. Ди унагъуэм сыт щигъуи хабзэ хьуауэ кьытIэрыхьэрт адыгэбзэкIэ кьыдэкI журналхэмрэ газетхэмрэ. Си анэм аэр щиджыкIырт, и макъ щабэ дахэмкIэ кьытхуиIуэтжырт гущIэгъуэн щыхъуа хьыбархэмрэ тхыгъэхэмрэ. Дэри, и бынхэм, фIыуэ дитъэлъэпIуащ, кьыдалъхуа бзэр, абы и щэрыуагъымрэ и дахагъымрэ хуэдэ зэрыщымыIэр зыхьыдигъэщIащ, - кьыддогуашэ Валентинэ.

Арахъэм зэрыжиIэмкIэ, анэбзэм хуищIа лъагъуныгъэр егъэфIэкIуэнымкIэ, егъэджакIуэ Iэщ Iагъэм тегушхуэнымкIэ дэIэпыкъуэгъуфIу иIащ адыгэбзэмкIэ и егъэджакIуэ, илъэс кудкIэ зи кьарымрэ гуащIэмрэ сабий гъэсэнымрэ егъэджэнымрэ езыта Гуэбэщ Iыкъ Тхьэкъуахъуэ Хужьпагуэ.

- Абы и дерсхэр апхуэдизкIэ гущIэгъуэнгъэ зыщIэкIырти, пльэмыкIыу зыхыиугъащIэт ди бзэм и дахагъыр. А цIыху зэпIэзэрытым и макъыр апхуэдизкIэ щабэт, дахэти, ар щапхъэ зи пхуэмыхьэныр Iэмал зимыIэт, - и егъэджакIуэр гуапэу игу кьегъэкIыж Валентинэ.

ЗыщIэкъуэпсэ Iэщ IагъэмкIэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ зэзэыгъэгъуэта бзыльхъугъэ цIыкIум лэжьэн зэрыщIидзэу еджакIуэ цIыкIуэхэмрэ и лэжьэгъуэхэмрэ кьыдихьэхьн хуэдэIэкIащ. Абы и дерсхэр методикэ и пльэныкъуэкIэ Iэзэгъышхуэ хэлъу, зэгъэкIуаеу еубзыху. ЕджакIуэ къэс бгъэдыхьэкIэ хуиIэщ, технологиещIэхэри куууэ хэпщащ и лэжьыгъэм. Сабийхэм щIэныгъэ нэс етыным кьыщынэмыщIауэ, егъэджакIуэр хущIокъу адыгэ лъэпкъым и тхыдэ кьулейр ящIэу, абы и фащэхэр: цIыхугъэр, хабзэр, нэмысыр, адыгагъэр и еджакIуэхэм яхэлъу къэгъэтэджыным.

ЕгъэджэныгъэкIэ-гъэсэныгъэ Iэнатl эм щIэуэ къыхьихьэ Iуэху зехьэкIэхэр къищIэным, ар и лэжьыгъэм екIуу къыщыгъэсэбэпыным и гур етащ Валентинэ. И лэжьыгъэмкIэ зэфIэкI лъагэ зыбгъэдэлъ Арахъэр илъэс кудкIэ щытащ адыгэбзэмрэ литературэмрэ езыгъэджэхэм школым щалэ методикэ зэгъуэныгъэм и унафэщIу. КъищIа бгъэдыхьэкIэщIэхэр и лэжьыгъэм хельхьэри, и лэжьэгъуэми ядогуашэ.

Щапхъэщ Валентинэ и дэтхэнэ дерсри. Абы урокхэм нэхъыбэу къыщигъэсэбэп Iэмалхэм щыщщ проект, кьэхутэныгъэ лэжьыгъэхэр. Класс нэхъыщIэхэм ехьэлIауэ нэхъ кьеХуэлIэр джэгукIэ IэмалхэмкIэ сабийхэр кьыдэхьэныщ, а щIэныгъэм тету щIэныгъэ етыныщ. Апхуэдэ Iуэху бгъэдыхьэкIэхэр къыззрехьулIэм, щIэныгъэфI и еджакIуэхэм зэрызрагъэгъуэтым и щIыхьэтщ республикэм, районхэм щекIуэкI зэхьэзэхуэхэм, олимпиадэхэм къыщагъэльагъуэ зэфIэкIэхэр. ЕгъэджакIуэм зэрыжиIэмкIэ, и гъэсэнхэм зыIэрагъэхьэ ехьулIэныгъэм, текIуэныгъэ цIыкIуэм абы и лъэр нэхъри щIагъэкI, Iуэхугъуэщ Iэхэм трагъэгушхуэ, жэрдэмыщIэхэр и гупсысэм къыщагъэуш.

ЕгъэджакIуэ Iэкl уэлъакIуэм и псэм дрэжэгъуэ ирагъэгъуэт и лъэужьым ирикIуэжа и гъэсэнхэми. Валентинэ иригъэджахэм мымащIэу къахэкIащ абы и Iэщ Iагъэр къыхэзыха. Языныкъуэхэр и лэжьэгъухэщ, адрейхэми республикэм и нэгъуэщI кьуажэхэмэ, кьалэхэм щрагъаджэ.

- ГъащIэ гъэгум екIуу, зэпIэзэрыту, акъылыфIэу, дахэу ирикIуэфын хуейщ дэтхэнэ цIыхури. Ар Iэмал имыIэу сабийм кьехъулIэнущ, адэ-анэм, кьызыхэкIа унагъуэм и нэхъыкьхэм я лъагъуныгъэ, я гулъытэ щымыщIэмэ, - жеIэ Арахъэм. - ЕгъэджакIуэхэри гъэсакIуэхэри дапщэщи дегъэгумэщI щIэблэм и кьэкIуэнур зэрыхъунум. Аращ ди гуи, ди пси егъэджэныгъэм, гъэсэныгъэм етауэ дыщIэпэрытыр.

И лэжьыгъэфIэм папщIэ Арахъэ Валентинэ кьыхуагъэфащащ КъБР-м и Парламентым, КъБР-м ЕгъэджэныгъэмрэщIэныгъэмкIэ и министерствэм, УФ-м ЕгъэджэныгъэмкIэ и министерствэм я щIыхь, фIыщIэ тхылъхэр, саугъэтхэр. Зи Iэщ Iагъэм хуэпэж, зи бзэр IэфI, лъэпкъым и кьэкIуэнум иргъэпIейтей, щIэныгъэ нэхур щIэблэм я деж нэзыхьэсыжьэ егъэджакIуэ Iэзэщ Арахъэр. Ди гуапэщ узынишэу, екъулIэныгъэщIэкIэр зыIэриГъэхьэу иджыри илъэс кудкIэ щIэблэм ядэлажьэну.

КЪАРДЭН Маритэ.

● Лыгъэ

ЩхьэдэгъэIух къыхамыгъэкIыу

Ущыпсэу къэралым и унафэкIэ, хуэлыкIу щепхьэкI щIыпIэм урагъэкIыу гугъуехь нэхъ здэщыIэм угъэкIуа иужь, уи пащэ къыдалъхьа къалэным упэрыувэнэр, ар езыр, нэгъэщI хэмытми, хэкупсэ нэсу узэрыщытым, жэуапльныгъэ зэрыпхэлъым я щыхьэщ, ар къызэрыдгурыIуэмкIи, лIыгъэщ.

Ди тхыгъэм зи гугъу щытщIыну щIалищыр, Мулид, Мурат, Азэмэт сымэ (зэрызэкIэлъыкIуэу кьыхэдгъэщынщи) Къуажэхэр Хьэутийрэ абы и щхьэгъусэ МусЫмэтрэ я бынщ. Щыри Украинэм щекIуэкI зэпэщIэуэвэныгъэм хэтын хуей хуьхэм ящыщщ. ЩIалэхэм я гущы Мурат, тIэкIу зрагъэгъэпсэхуну, мазитI ипэкIэ къауэтIыпщыжати, щхьэгъуси къырагъэшащ, нысашэ джэгу хъарзыни хуращIэкIащ.

Мурат, унагъуэ хъуа щхьэкIэ, къулыкIу щрихьэкIым имыгъэззэжу хъунутэхъыми, нутIыпщыжащ. Атlэми, мызэкIэ дзэ Iуэху хэзахэм ипэ кьыкуэу зыхэта частым кьызэрыданар зэхэтхати, ар къэдгъэсэбэпри, телефон Iэмалхэмкlэ абы зыпытащ.

- Мурат, мы зэманым мыжьжьэу ущыIэу къыджаIащи, хуиту дызэпсэлъэфын хуэдэу кьыщсюхъури, ущIэ зыбжанкIэ зыпхуэгъэзэнут. Дзэ Iуэху хэхам (СВО) щIимыдзэ ипэ, уэ езым дэнэ щIыпIэт къыщIэкIар?

- 2020 гъэм лэжьэн щIэздзащ, УФ-м Зыхъумэжныгъэмкlэ и министерствэм дежьащIэгъэпэщащ ПIасхъэщIэх Iэхъуэмкlэ кьулыкъум (спецназым) и полк щхьэхуэм къалэн пыухыкIахэр щесхьэкIыу.

- Ди къэралым и дзэр Донбассым ирогуша иужь, уэ езыр узыхэта гупыр махуэ дапщэ дэкIа иужь зэрыраджар?

- А махуэ дыдэм, мазаем и 24-м, Донбассым ирашажэм сащыщащ.

- ЗэпэщIэувэныгъэ хьэлъэм уIэгъэ щыхъуэхэр кьыщыхьэпхьажэ зэхэтхащи, уи Iуэху кьыззэрекIуэкIам щыгъуазэ дыхэпщIамэ арат.

- КIэщIу жысIэжьищи, кьалэм и гъунэм кьыбгъэдэт кьуажэр хуит кьыщытщIыжьым, «ЗыгъэIэпхъуэ гупым» дыхэту, а лъэныкъуэмкIэ дагъэкIуат. УIэгъэ хьуахэр кьыщыхэтхьажьым, топыщи автоматыщи, щхьэкъэдэт кьыдамыту, кьыщытрагъэщэщат. ЦIыхуитI си гъусати, ахэр Iей дыдэу кьауIауэ щытащ. А тIур, Iэкlэ кьыщIэсIэтэуэрэ, зырыэурэ зауэр нэхъ щекIуэкI щIыпIэм кьыIусхащ. ЕгъэзыпIэ кьахуэзгъуэтщ, медицинэ и лъэныкъуэкIэ я пэ дэIэпыкъуныгъэ ядэзгъэкIуэкIри, гуп цIыкIум кьыдагъэщIыпIа «КамАЗ» автомашинэри зэхэуэм кьыхэсыжащ. Абы иужькIэ, си гъусаитIыр аргуэру зырызурэ кьэсIэтыжри, плIэкIэ дыдейхэм нэс кьэсхьыжащ. Кьызнахьым губгъуэжьым, Алыхьым и фIыщIэкIэ! Аращ кьыщIэзатар «За отвагу» медалыр.

Нэгъэщ Iуэхугъэхэми сыкъэхуащ. Апхуэдэт, зэхэуэ гуащIэхэр нэхъ щекIуэкIа щIыпIэхэм дыдейхэмрэ модрейхэмрэ ящыщу уIэгъэ щыхъуахэмкIэ дыщыззэхъуажэм сазэрыхэтари. Хуит кьащIыжажэр кьизышыжажэми сащыщщ. Донецк гъэру кьыщыдубыдажэр ди лъэныкъэмкIэ къэзыгъэIэпхъуахэми сахэтащ. Луганск щIыналъэм дыщыщIыпIэм, нэхъыщхьэхэм гугъу задедгъэхьу, ящIыгуу кьалэхэм дыхьахэм сэбэпар кьиIэзэрыщIашыж бжьамийхэмрэ иужь ихьэнуц. Хуэныбгъэхэр дыгъэгъаэзм эзфIагъэкIыну я мурадщ.

«Гъэзгуфl шынагъэншэхэр» лъэпкъ пэхуэщIэм хиубыдэу Шэджэм-2 - Булунгу гъэзгум телъ лъэмыжкIэр зыхуей хуагъэзащ.

Булунгурэ Киккэгуэ телъ лъэмыжхэм я лъабжьэхэр бетонкIэ щIэрыщIэу щIагъэжьыжажащ, лъащIэр кьыщIэзыIыгъэ бетон гъэжахэм ягъэута сэкъатхэр ягъэзэкIуэжащ, лъэмыжым и кIыхьагъкIэ телъ асфальтыр, бордюрхэмрэ гъущI къэухьхэмрэ кьагъэщIэрэщIэжащ.

Колсу псым телъ лъэмыжым и псы ежжьыпIэхэр зэрагъэпэщыжри, асфальтыщIэ трапльхьэжащ. Адайсу телъ лъэмыжым и щIыпр бетонкIэ кьрагъэжьжащ, щIэгъэкъуэнхэр иджырей пкъыгъуэ нэхъ быдэхэмкIэ яхъуэжащ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

ПэхуэщIэхэм хиубыдэу

Ди республикэм и щIыналъэхэм лъэпкъ пэхуэщIэхэр (проектхэр) купщIафIэу кьыщагъэсэбэп.

ПСЫНАБЭ кьуажэм дэт курыт еджапIэ закъуэм еджакIуэхэр тIэу зэблэкIыгъуэу гуэшауэ фIэкIа щеджэ хъуркъым, пэшхэр зэрахуримыкъым кьыхэкIыу. Апхуэдэ щытыкIэр кьалтъэрти, мы зэманым школым гъэжахэм ягъэта сэкъатхэр ягъэзэкIуэжащ, лъэмыжым и кIыхьагъкIэ телъ асфальтыр, бордюрхэмрэ гъущI кьэухьхэмрэ кьагъэщIэрэщIэжащ.

Колсу псым телъ лъэмыжым и псы ежжьыпIэхэр зэрагъэпэщыжри, асфальтыщIэ трапльхьэжащ. Адайсу телъ лъэмыжым и щIыпр бетонкIэ кьрагъэжьжащ, щIэгъэкъуэнхэр иджырей пкъыгъуэ нэхъ быдэхэмкIэ яхъуэжащ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● 2023 гъэр ЕгъэджакIуэмрэ унэтIакIуэмрэ я илъэсщ

Сабиипсэр зыхэзыщIэ

зэзэыгъэгъуэта бзыльхъугъэ цIыкIум лэжьэн зэрыщIидзэу еджакIуэ цIыкIуэхэмрэ и лэжьэгъуэхэмрэ кьыдихьэхьн хуэдэIэкIащ. Абы и дерсхэр методикэ и лъэныкъуэкIэ Iэзэгъышхуэ хэлъу, зэгъэкIуаеу еубзыху. ЕджакIуэ къэс бгъэдыхьэкIэ хуиIэщ, технологиещIэхэри куууэ хэпщащ и лэжьыгъэм. Сабийхэм щIэныгъэ нэс етыным кьыщынэмыщIауэ, егъэджакIуэр хущIокъу адыгэ лъэпкъым и тхыдэ кьулейр ящIэу, абы и фащэхэр: цIыхугъэр, хабзэр, нэмысыр, адыгагъэр и еджакIуэхэм яхэлъу къэгъэтэджыным.

ЕгъэджэныгъэкIэ-гъэсэныгъэ Iэнатl эм щIэуэ къыхьихьэ Iуэху зехьэкIэхэр къищIэным, ар и лэжьыгъэм екIуу къыщыгъэсэбэпыным и гур етащ Валентинэ. И лэжьыгъэмкIэ зэфIэкI лъагэ зыбгъэдэлъ Арахъэр илъэс кудкIэ щытащ адыгэбзэмрэ литературэмрэ езыгъэджэхэм школым щалэ методикэ зэгъуэныгъэм и унафэщIу. КъищIа бгъэдыхьэкIэщIэхэр и лэжьыгъэм хельхьэри, и лэжьэгъуэми ядогуашэ.

Щапхъэщ Валентинэ и дэтхэнэ дерсри. Абы урокхэм нэхъыбэу къыщигъэсэбэп Iэмалхэм щыщщ проект, кьэхутэныгъэ лэжьыгъэхэр. Класс нэхъыщIэхэм ехьэлIауэ нэхъ кьеХуэлIэр джэгукIэ Iэмалхэмкlэ сабийхэр кьыдэхьэныщ, а щIэныгъэм тету щIэныгъэ етыныщ. Апхуэдэ Iуэху бгъэдыхьэкIэхэр къыззрехьулIэм, щIэныгъэфI и еджакIуэхэм зэрызрагъэгъуэтым и щIыхьэтщ республикэм, районхэм щекIуэкI зэхьэзэхуэхэм, олимпиадэхэм къыщагъэльагъуэ зэфIэкIэхэр. ЕгъэджакIуэм зэрыжиIэмкlэ, и гъэсэнхэм зыIэрагъэхьэ ехьулIэныгъэм, текIуэныгъэ цIыкIуэм абы и лъэр нэхъри щIагъэкI, Iуэхугъуэщ Iэхэм трагъэгушхуэ, жэрдэмыщIэхэр и гупсысэм къыщагъэуш.

ЕгъэджакIуэ Iэкl уэлъакIуэм и псэм дрэжэгъуэ ирагъэгъуэт и лъэужьым ирикIуэжа и гъэсэнхэми. Валентинэ иригъэджахэм мымащIэу кьахэкIащ абы и Iэщ Iагъэр къыхэзыха.

- ГъащIэ гъэгум екIуу, зэпIэзэрыту, акъылыфIэу, дахэу ирикIуэфын хуейщ дэтхэнэ цIыхури. Ар Iэмал имыIэу сабийм кьехъулIэнущ, адэ-анэм, кьызыхэкIа унагъуэм и нэхъыкьхэм я лъагъуныгъэ, я гулъытэ щымыщIэмэ, - жеIэ Арахъэм. - ЕгъэджакIуэхэри гъэсакIуэхэри дапщэщи дегъэгумэщI щIэблэм и кьэкIуэнур зэрыхъунум. Аращ ди гуи, ди пси егъэджэныгъэм, гъэсэныгъэм етауэ дыщIэпэрытыр.

И лэжьыгъэфIэм папщIэ Арахъэ Валентинэ кьыхуагъэфащащ КъБР-м и Парламентым, КъБР-м ЕгъэджэныгъэмрэщIэныгъэмкlэ и министерствэм, УФ-м ЕгъэджэныгъэмкIэ и министерствэм я щIыхь, фIыщIэ тхылъхэр, саугъэтхэр. Зи Iэщ Iагъэм хуэпэж, зи бзэр Iэфl, лъэпкъым и кьэкIуэнум иргъэпIейтей, щIэныгъэ нэхур щIэблэм я деж нэзыхьэсыжьэ егъэджакIуэ Iэзэщ Арахъэр. Ди гуапэщ узынишэу, екъулIэныгъэщIэкIэр зыIэриГъэхьэу иджыри илъэс кудкIэ щIэблэм ядэлажьэну.

КЪАРДЭН Маритэ.

● Дэ кьытхуатх

БлэкIам хэта IэфIыр

Уи ныбжьыр нэса нэужь, гупсысэ минхэм уэзщIащтэ, гъащIэ гъэзуганэ кьэпкIуам ухуеплъэкIыж мэхъу, куэди гукIэ «щIыбопщытыкIыж». Сэри аэращ сызыIыгъыр иужьрей илъэсхэм.

ЗАУЭМ и пэм, абы иужь кьэкIуа илъэс гугъухэм хиубыдажэм сащыщыщи, ди псэм игъэвахэм хуэдэ Тхьэм зыми кьыхуимыхькIэ. Щыгъыныджагъэмрэ нэгъэущI дызыхэта бэлыхьхэмрэ я гугъу щыIыкIыным, адэкIэ зеинюзнэ си натIэ хьуат. ИтIани, хьэлэмэтраци, гъащIэр тфIэлэфIт, гугъэ инхэри абы худиIэт. Сыту фIы сабиигъэщIалэгъуэр! А пIалъэхэм куэд кьыззрыбгурымыIуэм и фIыгъэкIэ псори пфIэтелъыджащ. «Хьуапсэ и псэ нэхущI» - жи. Апхуэдизкlэ ди гур мамыр гъащIэм «хуитхьэщIыкIати», сытми дыпэлъэщыфыну кьытщыхьурт, ди кьарум дыкъыгъэгугъэрт. ШIэ щIывар ди щхьэщыгъм щыземыльъатэ закъуэрэт!

Дауи, дэ дызыхальхуэ-дызыщIапIыкIа Iуэхухэмрэ иджы дыкъызыхэхутэжа дунеймрэ шурэ лъэсрэ я зэхуакуэ. Уеблэмэ а зэманитIыр зэхуэбгъэдэхэхэ хъунукъым. ИтIани, сфIэфIкъым си блэкIам хуэхъущIэхэр. Дытыншакъым, сабиигъэ дахи щIалэгъуэ хъуэпсэгъуи диIауэ пхужьIэнукъым. Ауэ щыхъукIи, арат ди Тхьэшхуэм кьыдитари, зыгуэрхэр щIэдгъэкъуэнщэн щыIэкъым. Сыт хуэдэ зэманми езым и гугъуехь Iыхьэ хэлъщ. Тынщыгъуэ и лъэныкъуэкIэ иджырей дунейр кьалъыхъуэм хуэдэщ. Ди пщIыхь кьыхэмыхуэн хуэдэ нахуапIэ хьуауэ дольагъу. Ауэ цIыхугъэ, гуапагъэ, зэхущытыкIэ дахэ, Iэфlагъ жыхуаIэхэм ягъабжьу дахэуныкъуэ хъуащ. Ар сэ жысIэну хуитныныгъэ сиIэу кьызолытэ, къэскIуа гъэзуганэм щыслъэгъуа гъэунэхунытэкъым тепщIыхьмэ.

А псом кьышэж си гукъэкIыжхэм язкIэ сыхуейт нобэ сыкьэгуэшэну. ЗэрыжысIащи, си сабиигъэр зыхэубыда зэманым псори фаджэлыджэт. Цыхум я нэгум гуфIэгъуэ зэи кьимыльэжьын, кьыштщэщыт дыгъэр кьытхуемыпсыжьын хуэдэт. Ауэ ар гъащIэ хъужрт, къэщIэрэщIэжу фIым хуэимыгъаплъэтэмэ, гугъэфIхэр кьуимытыжтэмэ?! ИтIанэ, езы къэралми и политикэр зытеуха хъуар арат - щIэблэр хэкупсэу дыкъыгъэхъунырт, щхьэж и лъагъуэ хишыжьымкIэ щIагъэкъуэн хуэхъунырт. ЩIэныгъэм хуэнэхъеиншэнымрэ лэжьыгъэмрэ хуабжьу теухуат а зэманыр. Ахэр кьыхэхъажэ цIыху губзыгъэт. Щэч хэмылъу, ящIэрт лэжьыгъэкIэ щIэблэр нэхъыфIыжу зэрыпхуэзгъэсэнур, балигъ ГъащIэм а псор кьаззэрыщыщыхьэпэжьынур. Апхуэдэ Iуэху бгъэдыхьэкIэм цIыхум и хьэлри инсыхырт, гуп хэтыкIи кьыргъащIэрт. Нэхъыжьым пщIэ зэрыхуэпщIын, узэрыхущытын хуейми ухуигъасэрт. Апхуэдэ Iуэхухэм ди студент гъащIэри щIэщыгъуэгъэкIэ ягъэнщIырт. Гъэ еджаГъуэр иухыну, бжьыхьэпэ щIэдзэжжьгъуэм хуэзэу, еджапIэм диГъэкIуэрт зы мазэкIэ колхоз-совхозхэм дадэIэпыкъуну. Апхуэдэу дэри лажьыгъэм хуэзэрыхуэу дыхъурт. Абы дыщцIэхункIэ нэхъыжьхэм я чэнджэщхэр зыхэтIыхьэрт, куэд хьэтцIыхурт, зэныбжьэгъу дызэхухэъурт. Уеблэмэ си гъащIэ псом кьыздыкIуэцIрыкIаи абыхэм яхэтащ.

Сытыт ар щIытхъэрэфIэкIыр? Ди псэр нэхут, ди гур зэхуэхьабзэти аращ. Хьэрэмагъ гуэр дунейм тетуи тщIэрэтхъым. Зым и екъулIэныгъэ адрейр хуиту щыгуфIыкIыфырт. ИтIанэ благъэхэр быдзу зэрыIыгът, фIыщIэу зэрыльагъурт. «Мор хуэхъуейти, модрейм кьупльхъу лъагэ иIыгъти», - жаIэу зэхэгъэж щыIэтэкъым - зэхуэдэу, зы анэм кьильхуам хуэдэу, зэхущытт. Нэхъыщхьэрати, зэхуэгуэмащIэт. Псом ящхьэжт дахуэхам дэIэпыкъунур, гулъытэ хуэщIынур. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, а фIыгъэхэм пэIэщIэ дыхуэхъуу хуежьащ. ПхуэзэфIэкIмкIэ, благъэми иджы лъэныкъуэ зыщIигъэз щыIэщ. Сэ си сабиигъуэ лъапIэрышэр си щхьэм, Исльэмей кьуажэм, щицхэт. Абы щыIэм слъэгъуахэр нобэ псэкIэ сщIыгъуц. Дыкъэжэпхъа нэужьи, щхьэж и эзфIэкIым елъытауэ дызэпIэбэу, дызэщыгуфIыкIыу, анэкъэлъху лъагъуныгъэм пэтщIын щымыIэу декIуэкIащ. Дэ дызэридзылIат а зэман хьэлъэм. Си адэ кьуэш бынхэр сэркIэ лъапIэт, ди нэхъыжьхэм я псэр Хэкум и щхьэхуитныныгъэм щIатати. Зэш бынхэр дыадэнышэт. Абы кьыхэкIыу, дэтхэнэми и екъулIэныгъэр тхуэмыIуэтэным хуэдизу псоми ди гуфIэгъэщхэт. СощIэж, си адэ кьущ нэхъыжьым и щIалэхэр - Хьэлимрэ Алийрэ - къэрал еджапIэ нэхъыщхьэм щыщIэтIысхьам, сэ дамэ кьыстекIам хуэдэу абы сыщыгуфIыкIауэ зэрыщытар.

Дауи, блэкIам кьэгъазэ иIэкъым. ИтIани, абы хэта IэфIыр зыщыдгъэгъупщэ хьунукъым. ЗэрыжысIащи, иджырей гъащIэр нэгъэущI, нэхъ тынщ. Ауэ абы кьыщIомощIэкI нэхъ ипэкIэ щыхуэхэр зэрызэбгъэтэтыфу щыта цIыхугъэр, гуапагъэр, гущIэгъур. Хьунымэ, зы-Iэщ Iагъэмыгъэхуп» а фIыгъэхэр. Ахэращ екъулIэныгъэри зыужьыныгъэри кьызыщэкIынур. Хэт ар зи мы хъуэпсапIэр?! Апхуэдэу щыхьэкIэ, фи бынхэм ар яжефIэ, яхэфIъхьэ, абыхэм щIэфпIыкI.

АХЪСОР Анибал,
лэжьыгъэм и ветеран.
Тэрч къалэ

● Iуэху еплъыкIэ

Дэнэ здэщыIэнур къуажэ музейр?

ДызыхэпсэукI дунейм тетхъым бжьыгъэкIэ мащIэу зыльэпкъ цIыкIу, и щыIэныпэ и щыIэкIэ хъунумрэ имыгъэгуэавэ. Гур зэрыгъум дыгъэр иримыкIуэн папщIэ, дэтхэнэри йогупсыс зыззэрихъумэжьну зэкIыпIэхэм. Сыт хуэдэ лэжьыгъэм лъэпкъ гупсысэм и лъабжьэр игъэбыдэну? Сыт хуэдэ щыкIэкIэ хэкупсэхэр гъэса хъуну? Пльэпкъым и цIыхухэр гъащIэм губзыгъэу хэтын папщIэ, дауэ я гъэзгур убзыхун хуей? Я къэухьым сытым зригъэужьыну? Пльэпкъым и тхыдэр, и цIыху пэрытхэр ящIэу, и хабзэм тету щIэблэр къыдэкIуэтеиныр зэлъытар сыт? Мыпхуэдэ упщIэхэм, нэхъыбэжми подджж лъэпкъ музейхэр.

АР быдзу и фIэщ зэрихъуращ Жылау Нурбий Хьудин и къуэм къыщалъхуа Зеикъуэ къуажэм и музей кьызэгъэпэщыныр, ар есфIакIуэ зэпыту зехьэныр и гъащIэм щыщ зы Iыхьэу щIигъэнар, псэуху абы щытетар. НыбжькIэ «къэжэхъэ къудей» жыхуаIэм хуэдэт Нурбий а Iуэхум ящэ щIихьам. 1967 гъэм мэлыжьыкьым и 20-м ТАСС-м кьитыгъат Къэбэрдей-Балькъэрым щыяпэу Зеикъуэ къуажэ музей кьызэрыщызэIуахар. Сэ си ныбжьхэм Жылау ергъэджакIуэ щытхузэхуам, абы кьигъэхуэ музейр тхьидэмкIэ лъапIагъ зиIэ хьэпшыпхэр щызэхуахьэс, щахъхьмэ, щыхъэм и щIалэгъалъагъу Iэхуэщ Iапl э кьудейтэкъым, атlэ кьуажэмрэ и цIыхухэмрэ теухуа хьыбару узыхуейр кьызыщIэпхынт. Апхуэдэ купщIэ куур кьуажэ музейм игъэутын папщIэ, Жылау Нурбий лэжьащ жащ-махуэ имыIэу, иригъаджэ цIыкIуэхр кьэпльхъэным, кьэхугъэным, кьэгъэутыным хишэ зэпытту. Хьэпшыт телъхьэпIэхэр и Iэкlэ иГъэхьэзырыжьыт, урокым кьыдэхуамэ, джыдэри, пхъэхри, уадэри Iэщ Iэмыкlыу. Ар елlэлlащ музейр Зеикъуэ сабийхэм дежкIэ адыгэм и щIэнхабзэм, тхыдэм, гуязаджэм, литературэм я кулсэ хьуным. И гупсысэм, хьуапсэм, зэфIэкIым кьыриIэ музейм и цIыхухэр ящIэнур, зрагъэубгъунущ. Ар фIы дыдэщ, кьуажэри пльэпкъри зыхуейщ, сыту жыпIэмэ мыбы сабий куэд кьэжьIуаIэ, зыхуей хуэзэмэ, зэфIэкIри нэхъыбэж хьунущ. Ауэ мыхьужьи сыт? Музейр абы кьыщIэжьжын хуей мэхъу. Дэнэ здэкIуэнур? Мыбы и пэджжж псалъэр зэкIэ кьэгъуэтыгъуейщ. Музейм щIэлъ хьэпшыпхэр, тхыгъэхэр хьумэныр пщэрылъышхуэщ. Кьэхъуащ, щхьэгъубжэкIэ зэрымахэр и къагъэсэбэну, зыгуэрхэр щыщIадыгъукIа.

Жылау Нурбий иригъэджахэр, щIэныгъэ зритахэр, иуэзщIахэр мащIэкъым. Ар ди гугъэм нэхърэ нэхъыбэ кьытхуэзыщIа егъэджакIуэ-уэзщIакIуэщ. А адыгэлI нэгъэсаен, сабийуэ иригъаджэм и гур зэIуахуэз хуищIам, кьуажэщIэр дыщIэпскIэ Iэпкъ тхьидэм хитхэну хущIэкъуам кьилэжьу, хуэфащэу кьызэольытэ, и лъэужьри и Iэужьри дымыгъэкIуэдыжу, псори зыхуищIэжа дэ адэкIэ зэрытхъумэнум дегупсысыныр. Зы шэч кьытесхьэркъым апхуэдэ дыдэ Iуэху еплъыкIэ зиIэхэр куэд зэрыхъум. Жылау Нурбий иригъаджэкIэр, музейр зыхуищIа кьуажэдэс псори, дэнэ щIыпIэ фыщыIэми, сыт хуэдэ Iэнатlэ фыбгъэдэтми, зыщыщIэпсэхуж ныбжьым фиту пщIантIэм фыдэтIысхьэжами, дызэхэгъэхьи зы Iыапсэ къэдвгъэщэху ди егъэджакIуэм и цIэр зезрыхъур къэплъытэмэ, мыхьэнэ иIэщ ныбжьыщIэкIэр еджэным тезыгъэгушхуэну апхуэдэ гъэунэхунытэ программэр гъэззщIэным, - жиIащ абы.

Депутатым кьыхигъэщащ апхуэдэ гъэунэхунытэм теуха къэхутэныгъэ лэжьыгъэ Канадэм и университетым зэрыщыгъэкIуэкIар икIи нэхъыжьщIэкIэр мылъкукIэ зэрагъэгушхуэм ахэр нэхъыфIу еджэ зэрищIар, еджакIуэхэм я баллыр хэпщIыкIыу зэрыдджкIуеими еджапIэхэм я пщIэр кьызэрилэтыр.

Скрозниковэ Аннэ УФ-м и Правительствэм и Унафэщ Мишустин Михаил елъэIуащ ар зи кьалэн Iэнатlэхэм и Iуэху бгъэдыкIэм зыщагъэгъуазэу, абы кьыхьанэ иIэну къалъытэмэ, ар я лэжьыгъэм къыщагъэсэбэпыну пщэрылъ ящIыщыну.

Зыхьэ къуажэ музей тщIыну. Мыпхуэдэ Iуэху щхьэпэм къуажэ унафэщIхэми хэлъхьэныгъэ кьызэрыхуащIынур си фIэщ мэхъу.

Нобэ а музейр зэрыт щыткIэм деплъмэ, иджырей музей кьызэгъэпэщыкIэхэм хуэкIуэжьыркъым. Абы куэд щIэлъщ, ахэр пасэу щIидзэу Нурбий зэхуимыхьэсауэ щытамэ, нобэ и дзакIи дгъэтыжьыныгъэкъым, ауэ псори зэманым жьыфIэ ищIащи, иджырей теплъэ етын хуейщ, телъхьэпIэщIэхэр, абджьипс гъэльэгъуапIэхэр щIэгъэувэн, фащэщIэжи, н.къ. щIэлъхьэн хуейщ. Аращи, лIыгъэ хэдыдзгъалъхъэ, дызэкъуэвгъэуви, щIэлъэныпри зыщIэлъэныпри цIыху кьеЗыщэлIэн щытыкIэм хуэдыдгъэгъакIуэ. Зы маХуэм зэфIэкIын Iуэхухьэм, ауэ яужь димыхьэмэ, тфIэкIуэдынур нэхъыбэщ, делэжьмэ хэтлъхьэнум нэхърэ.

Iуэхум кьыхьихьэну гупльж зыщIэкр фыкъэпсалъэ хъунущ мы телефонымкIэ: 8 962 653 95 06. Цыху бжьыгъэ зэрыIыгъуэр хьумэ, дызэхуэзэнщ, музейм и щытыкIэр зэдгъэльагъун, нэхъ зэпкърыхауэ дытепсалъэхьхьэн папщIэ.

«Жылау Нурбий и цIэр зезыхьэу Зеикъуэ къуажэм и тхыдэ музей». Зыхуей хуэзауэ мыпхуэдэ Iуэхущ Iапl э зэдгъэпэщмэ, ди ЕгъэджакIуэм хуэфащэ еджакIуэ, ар зы щIэхъуэспэращи, дыкъыщалъхуа къуажэм хуэфащэ цIыху дыхъуауэ аращ.

ХЬЭЦIЫКIУ Рае,
педагогикэ щIэныгъэхэмкIэ кандидат,
«Адыгэ дуней» лъэпкъ фондым и унафэщI.

Дунейм щыхъыбархэр

ЕджакIуэхэр ягъэгушхуэ

**УФ-

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Іуэху

Хэт ди къэралым Украинэм къыщезауэр?

Адыгэ псалъэжым жеІэ: «Мывэ уи ипэкІэ бгъажэмэ, ухуозэж». Ар зэрыпэжым Іуэр зы щІэблэкъым икІи щІэблитІкъым.

УКРАИНЭМ зауэ Іуэху хэкам къыщыгъэльэгъуащ мыбы щІекІуэкІэр иужь илъэсипщІкъэм Къуфэпэм щІыналъэм егупуу щигъэжьауэ Іэхуэхэм я Іэужьу зэрыщытыр. Иджыблагъэ США-м и штабхэм я комитетым и унафэщІ генерал Милли Марк илъэсыпІэкІэ зиумысыжащ абы щытыкІэр къыщигъэублащІ папщІэ Вашингтон национализм я вокзал икІи фашист Германием и гъусэу къыдзэзуа Бандерэ Степан къытехуакІаэр къыззригъэсэбэпамкІэ: иджы зыми зыри щІиуфэжаркъым. Ауэ дэнэ ахэр къыздикІар? КъызэрыщІэкІамкІэ, зы щІыпІи щы-Іатэкъым. Арщхьэкіэ а упщІэм жэуап еттын папщІэ, дз дгъэзэжьын хуейщ блэкІа ІэпщІыгъуэм икуэзм.

... Сталин Иосиф ІиІа иужь, кІуэ пэтми нэхъ нахуэу тепсэпльыс хъуащ лъабжьэ зимыІэ хабзэ ткІийэм, абыхэм я лей зытехьэхэм. Иужьрейхэм яхэхуат «захуагъэ хэмылъу суд зытращІыхьахэри». Ауэрэ, нэсахэщ Бандерэ и Іуфэтэхэм я дежи. ЖаІэрт ящыщ куэдым лажьэ ямыІэу, ахэр ягъэжьэкъуа къудейуэ. Абы щыгъэзэни, къухьпІэ къэхутакІуэхэр национализткІэ зэджэ абыхэм ягъэжа лыр зэрымыгъуащ и мызакъуэу, иджыри Іуэнэдэуэуэ хьэкІэ-къуэкІагъэхэр щІадзащ Совет власткІэ зэрыгъэзэжа Украинэм щыІащ Совет щытыкІэ зэрыгъэтІысыжа. Апхуэдэ щытыкІэ Украинэм щыІащ бзаджэнэхэм кІэ щрата 1960 гъэхэр къэсаху.

Арщхьэкіэ зэманыр нэгъэущІт. Власт зыІэщІыхьа Хрущёв Никитэ сыт и щІэныкъуэкІи и лъэкІыныгъэр игъэбыдэрт. И Іуэхущ1афэ куэдыр зыхуэунэтІари, Украинэм и Компартым и ЦК-м и ягъэ секретару лажьэу 1937 - 1945 гъэхэм а щІыналъэм щІыху хей куэд зэрыщІигъэуІар зэрыщІэжьаІэнырт, фІыуэ зыкъыщІигъэдзыжынырт. Арат Украинэр Урысейм къыззрыкІыхьэрэ илъэс 300 зэрыкІуэр тегъэщІапІэ ищІу, 1954 гъэм Кърым хьтІыгур Урысейм хагъэкІыу республикэм хагъэхьэным теухуа унафэр зыхуэгъэпсари. Ауэ ар зы Іыхьэ закъуэт. НэгъэущІ Іуэхуэм фашистхэм къадзэуэхэри хуит ящІыкьынырт. Абы и Іыхьэ-къуэкІи хуэзфІэкІ къыгъанэртэ-къым: хуэм-хуэмурэ хуит кІыщІыжыртСовет властым и бийуэ зэрыщІигъэуІар хигъэзыщІыжа къуэвакэр. Нэхъ лъэбакъуэшхуэ дыдэ щачар «1941 - 1945 гъэхэм екІуэкІа Хэку зауэшхуэм и зэманым зэрыпхъуакІуэхэм ядэлажьа совет щІыхуэхэм яхуэгъэзэгъуэнхэм я Іыхьэ щІыгъуэ Іуэхуэщ1ап1эхэм я Іэтащ1ыхь хъуат. Абыхэм ящыщу мащІэтэхъыщ къулыкъуэкІэ дэкІуеин комсомолым къыщыщІэзыдзахэри. Зым адрейр, хэбгъэзэхьмэ, адрейхэр зэрыхуэзфІэкІкІэ къыдригъэшейрт. Псальэм и хьэтыркІэ, зи национализтыгъэр щІэзымыуфэф Шелест Пётр, зи гугъу тщІа зэманым Украинэм и Компартым и ЦК-м и ягъэ секретару щытам, ЦК-м и инструктору къыщтауэ щытащ псори дызыщыгъуаэз Кравчук Леонид, Беловеж мазэм Ельцин Борисрэ щыІэнэу Белоруссием и президент Шушкевич Станиславрэ я Гъусэу СССР-р зыкъутэжар. Нэхъыжьыр къыщІэрыІуэрэ, ар ЦК-м и етІуанэ секретарь къулыкъум нэскІэ дэкІуеят, иужькІэ Украинэм и президент хъуащ.

Дауи, къулыкъукІэ зи Іуэху къыимыкІаэхэри къызэрыгъэкІыу къэнахэри мащІэтэхъым, ауэ, икІэм-икІэжьым, псори зэкъуэзыгъэувэр зыт: Совет властымрэ урысхэмрэ къатеплъэ зэрымыхъурт. А лъагъуныкъуэ нигъэр зэ мыхъуми зэ къызэхидын хуейт. 2014 гъэм Украинэм къыщыхъуаэхми иужькІэ щекІуэкІахэми белджылыуэ къагъэлъэгъуащ Бандерэ и жьІэм щІэтахэм зэгуэр я Іахэгъуэхэм ягухэм щыхасаеуэ щыта жьлэхэм щІыгулыІфІ зэрагъэтар. Мыбдежми къалэн бзаджэ щиГъэззэщІащ а лъыффхэр зэгуэр хуит къэзыщІыжа Хрущёв Никитэ.

Иужь иужьу. Совет Союзым и Іэтащ1ыхь щытар апхуэдизу Украинэм щІахуэпсэм нэгъэущІ зы щхьэусыгъуи иІэт: и щхьэгъусэ Кухарчук Нинэ Петровнэ КъуэфпІэ Украинэм и мызакъуэу, абы щыщ щІыналъэу Польшэм къыхуэна Холлициэм къыщалъхуат, ар и лъахэуи къыпытэрт. Абы къыжкІыу и лым а республикэм хуилэжь псори езым къыхуищІа тыгъэуи къыпытэрт.

Мис апхуэдэщ Къуфэпэм и нэІэ тету зыкъэзыщІыжа украинэ нацистхэм я къежьэкІар.

Яжьэм и мэ гурымыхьыр

«Урысейм Украинэм ядернэ удын иридзмэ, НАТО-м абы щэч хэмылъу жэуап иритыжынущ икІи къриКІуэнкІэ хъунур уи нэгу къыщІэбгъэхьэну гугъущ», - жиІащ журналистхэм щепсальэм Атлантикэ ищхьэрэ блокым къулыкъушхуэ щызыІыкІыт генералым. «Уран мащІэ зыхъуат щэхэр Индж1ылызым Киев зэрыритыр къызэрылъытапхъэр ядернэ зауэм хуэкІуэу Къуфэпэм ича лъэбакъуэущ», - къыхигъэщхьэхуКІащ Урысейм зыхъумэжныгъэмкІэ и министр Шойгу Сергей. Ар, дауи, пэжщ, ауэ, тхыдэм урипльэжмэ, уолъагъу Вашингтон и дежкІэ ахэр япэ лъэбакъуэу зэрыщымытыр.

США-р ЕтІуанэ дунейпсо зауэм къыхэкІащ къэрал лъэщ дыдэ хуауэ икІи ядернэ Іэщэр иІэу. Иужьрейм и къарур игъэнэхуащ Японием и цІыху мамырхэр щыпсэу Хиросимэ, Нагасаки къалэхэр зэтригъасхьэхэри. Арщхьэкіэ а Іэщэ шынагъэр къыщыІэрыхьа япэ мазухэхэм къыщыщІэдзауэ Америкэм и Штат Зэгуэтхэр зыхущІэкъуар езым пимыкІуэт СССР-р зэхикъутэу пэрыуэнІзу дунейр и тепщэныгъэм щІигъэувэнырщ. Абы щыхьэт тохъуэ тхыдэ мыжыжьхэр.

Совет Союзым зауэ кърищІыпІэным теухуа мурадхэр Вашингтон къыщежьащ 1945 гъэм и фокІадзэм, ЕтІуанэ дунейпсо зауэр иуха къыдейуэ. Ауэ зауэ къагурІуащ зэрыщытемыкІуэнур: СССР-м хэщІыныгъэшхуэ ирагъэпхащІэ ядернэ Іэщэхэу пщІыхэм ухуейт. Ахэр а зэманым США-м иІэтэхьыкІэ, зи национализтыгъэр щІэзымыуфэф Шелест Пётр, зи гугъу тщІа зэманым Украинэм и Компартым и ЦК-м и ягъэ секретару щытам, ЦК-м и инструктору къыщтауэ щытащ псори дызыщыгъуаэз Кравчук Леонид, Беловеж мазэм Ельцин Борисрэ щыІэнэу Белоруссием и президент Шушкевич Станиславрэ я Гъусэу СССР-р зыкъутэжар. Нэхъыжьыр къыщІэрыІуэрэ, ар ЦК-м и етІуанэ секретарь къулыкъум нэскІэ дэкІуеят, иужькІэ Украинэм и президент хъуащ.

Дауи, къулыкъукІэ зи Іуэху къыимыкІаэхэри къызэрыгъэкІыу къэнахэри мащІэтэхъым, ауэ, икІэм-икІэжьым, псори зэкъуэзыгъэувэр зыт: Совет властымрэ урысхэмрэ къатеплъэ зэрымыхъурт. А лъагъуныкъуэ нигъэр зэ мыхъуми зэ къызэхидын хуейт. 2014 гъэм Украинэм къыщыхъуаэхми иужькІэ щекІуэкІахэми белджылыуэ къагъэлъэгъуащ Бандерэ и жьІэм щІэтахэм зэгуэр я Іахэгъуэхэм ягухэм щыхасаеуэ щыта жьлэхэм щІыгулыІфІ зэрагъэтар. Мыбдежми къалэн бзаджэ щиГъэззэщІащ а лъыфхэр зэгуэр хуит къэзыщІыжа Хрущёв Никитэ.

